



AWEUHAN MIMBAR KHUTBAH BASA SUNDA

DISUSUN KU:
BIDANG PENELITIAN
JEUNG PENGEMBANGAN
MUI KABUPATEN SUBANG



**MUI
KABUPATEN SUBANG**






AWEUHAN MIMBAR
KHUTBAH BASA SUNDA

DISUSUN KU:
BIDANG PENELITIAN JEUNG PENGEMBANGAN
MUI KABUPATEN SUBANG



MUI
KABUPATEN SUBANG





AWEUHAN MIMBAR
KHUTBAH BASA SUNDA

DISUSUN KU:
BIDANG PENELITIAN JEUNG PENGEMBANGAN
MUI KABUPATEN SUBANG



MUI
KABUPATEN SUBANG

Tulus Pustaka



AWEUHAN MIMBAR
KHUTBAH BASA SUNDA

Disusun ku Bidang Penelitian jeung Pengembangan

MUI Kabupaten Subang

Editor: Jajang A Rohmana

Copyright © 2015

Hak cipta ditangtayungan ku undang-undang

All right reserved

Cetakan I, Oktober 2015

Diterbitkan oleh:


TULUS PUSTAKA

Jln. Raya Cimindi Gg. H. Arsad
(Samping GOR Arsad) RT 02 RW 24.
Cimindi – Jawa Barat; Telp. 081320339523

E-mail: didintulus77@yahoo.co.id

FB: [@didintulus](https://www.facebook.com/didintulus)

ISBN: 978-979-1361-323



PANGBAGÉA
MAJELIS ULAMA INDONESIA (MUI)
KABUPATEN SUBANG

Bismillahirrohmanirrohim.

Puji miwah saniskanten puja disanggakeun ka pangkonan Allah Nu Maha Welas Asih nu ngaleler kanikmatan ka sugri nu kumureb ka Mantenna. Saterasna nyembahkeun paneda supados rahmat miwah kasalametan dilelerkeun ka Kangjeng Nabi Muhammad *Shollallohu 'alaihi wa Sallam*, utusan Anjeunna nu wekasan miwah ka kulawargina, para sohabatna kalih mu'minin mu'minat.

Umat Islam diparéntah ku Alloh *Subhanahu wa Ta'ala* pikeun ngajak kana kahadéan sarta nyegah tina kamungkaran. Tos welasan abad katukang, parantos seueur rupi-rupi cara sarta metode dakwah anu dianggé boh ku cara lisan, tulisan pon kitu deui ku media sanésna. Salasawios karancagé pikeun ngabantos kalancaran

dakwah utamina khutbah Jum'ah, nyaéta ku cara nyayogikeun rupi-rupi bahan khutbah.

Sanaos tos seueur kaparigelan kanggo nohonan kaperyogian umat kanggo ngabantos bahan khutbah, nanging taya lepatna upami buku bahan khutbah téh teras disusun sareng disarungsum deui, diapdét deui sajalan sareng perbawana jaman. Malihan mah bawiraos malamandar tiasa langkung ngeuyeuban bacaan perkawis agama Islam ku basa Sunda anu asa tambih langka kaanggonana, utamina ku kaum Muslim nu di dayeuh.


Medalna ieu buku *Aweuhan Mimbar: Khutbah Basa Sunda* anu disusun ku Bidang Penelitian jeung Pengembangan MUI Kabupaten Subang kalebet hiji usaha karancagéan nu énggal kanggo para khotib supados langkung gampang nyiapkeun bahan khutbahna. Pribados ngaraos bagja tanpa wangenan réhing kapentés gawé cukang lantaran gelarna ieu buku. Salian ti kanggo ngiring nyubadanan pamundut balaréa kaum Muslim tatar Sunda nu teu kirang ngantosna kana rupa-rupaning buku agama dina basa Sunda, bawiraos mugia tarékah ieu ngiring ngantebkeun tarékah pamaréntah kanggo ngagelaran masyarakat Subang katut Jawa Barat anu Islami, gemah ripah répéh rapih, silih asah silih asih silih asuh.

Mugia angen-angen sakalihna kaum Muslim pareng sareng kabiruyungan ku rahmat kurnia Alloh *Subhanahu wa Ta'ala* sangkan ajén-inajén Islam tiasa napak kana budaya Sunda malamandar tiasa gampang nyerep katut nyurupna kana mamaras nu maosna geusan kamaslahatan dunya rawuh ahératna.

Mugi-mugi Allah Nu Murbéng Alam maparin kaberkahan kalih ngajantenkeun amal soléh nyuprih ridho ti Mantenna khusus kanu nyusunna umumna ka sugri wargi nu maosna. MUI Kabupaten Subang maparin pangrojong ku dicitak sareng disebarkeunana ieu buku *Aweuhan Mimbar: Khutbah Basa Sunda* ka balaréa.

Subang, Oktober 2015,
Ketua Umum

Drs. KH. Moh. Musa, M.Si.



PANGANTEUR

Alhamdulillah, muji syukur ka Alloh *Subhanahu wa Ta'ala* réhna buku *Aweuhan Mimbar: Khutbah Basa Sunda* anu disusun ku tarékahna bidang Penelitian jeung Pengembangan MUI Kabupaten Subang parantos réngsé kalayan lancar.

Saleresna urang Sunda kalebet sélér bangsa anu tos lami nganggé basa indungna (Sunda) pikeun khutbah. Kumargi kanggo urang Sunda mah basa indung ngandung basa rasa anu moal tiasa katepikeun kana haté mun nganggo basa lianna. Kumargi kitu pantes mun disebut yén khutbah ku basa Sunda mah leuwih keuna kana haté, leuwih sumarambah kana bayah, leuwih karaos kana mamaras rasa.

Ku sabab kitu, mun nitéan sababaraha taun katukang, buku khutbah ku basa Sunda kalebet anu kacida euyeubna utamina dina ahir abad ka-20 sarta teras-terasan dicitak dugi ka ayeuna. Teu kacaturkeun kumaha seueurna naskah khutbah anu diserat sarta sumebar di lingkungan

pasantrén Sunda ti saprak Islam sumebar di sakuliah Tatar Sunda. Sababaraha buku khutbah anu kantos kapendak sarta masih dicitak dugi ka ayeuna di antarana yasana M. Said Joban, Muhammad Amin, Qomaruddin Shaleh, E. Abdullah, AF. Ghazali, Moh. E. Hasim, Solihin Syaqq, Moch. Anwar, Ahmad Solihin, E. Sulaéman, Yayat Hidayat jrrd. Sadayana ngaeuyeuban karancagé urang Sunda pikeun ngagelarkeun timbalan Allah sangkan temen wekel kana papagonna.


Seueurna buku-buku khutbah basa Sunda nu disusun ku para pangarang di luhur minangka salasawios buktos seueurna tarékah karancagéan nu dilelemahan ku kaihlasan batin katut pangarti nu lantip pikeun nyebarkeun sarta nyuburkeun ajaran Islam di lemah cai supados gampil kahartosna. Minangka hiji tarékah urang Sunda pikeun nanjeurkeun syiar Islam katut ajén-inajénna di Tatar Sunda. Margi teu sadaya urang Sunda sanggem sacara langsung khutbah upami teu disarengan ku bahan tinulis minangka kotrétan. Ieu buku khutbah tiasa dijantenkeun bahan tatapakan pikeun khotib kanggo ngembangkeun karancagéna dina khutbah sateuacan naék kana mimbar atanapi tiasa ogé diaos nalika khutbah.

Salajengna peryogi kauninga yén dina buku khutbah ieu, pangarang nganggo tarjamah Al-Qur'an nu dicutat tina *Al-Amin Tarjamah Al-Qur'an Basa Sunda* yasana KH. Qomaruddin Shaleh, H.A.A. Dahlan sareng Yus Rusamsi. Eta tarjamah téh kawilang kaanggé ku urang Sunda mah margi tos sumebar langkung ti lima puluh taunna di tatar Sunda dugi ka ayeuna.

Minangka panutup, sapantesna upami nganuhunkeun ka sadaya pinisepuh di MUI Kabupaten Subang anu ngiring aub pikeun kalancaran terbitna ieu buku. Utamina ka Ketua Umum MUI Kabupaten Subang, sekretaris, bendahara katut réngréngan ketua harian sareng para ketua miwah anggota bidang anu parantos ngarojong pikeun nyusun buku khutbah malamandar kanggo anggoeun di MUI Kacamatan, Desa sareng kum sadaya masyarakat Subang. Teu hilap nganuhunkeun oge ka Drs. Agus Supardi sareng KH. Abdu Manap anu parantos ngiring ngoréksi *draft* buku *Aweuhan Mimbar: Khutbah Basa Sunda* ieu. Sanés hartosna nu nyusun ieu buku gaduh paraosan pinuh ku panemu atawa rébo ku kanyaho, ieu mah itung-itung sasieureun sabeunyeureun. Sanes kanten tangtosna seueur kalepatan, kumargi kitu dianos pisan wejangan ti para warga sadaya. Hatur Nuhun.

Subang, Oktober 2015

Jajang A Rohmana
Bidang Penelitian jeung Pengembangan
MUI Kabupaten Subang



DAFTAR EUSI

PANGBAGÉA	i
PANGANTEUR	v
DAFTAR EUSI	ix
RUKUN JEUNG SYARAT KHUTBAH	xi

EUSI KHUTBAH:

Néwak Karep, Ngahontal kahayang	1
Kautamaan Élmu	9
Ni'mat Alloh Hamo Kaitung	17
Budak Angon	25
Iman Diturkeun ku Amal	33
Pituduh kana Jalan Lempeng	39
Du'a Jalma nu Iman	45
Numbuk Dirugi	53
Mapag Romadhon	59
Kautamaan Kalimah Tauhid	67
Ujian Hadé jeung Goréng	73
Ngalempengkeun Niat	81
Ujian keur Ngariksa Diri	89
Isro Mi'raj keur Miara Solat	97
Nyukurkeun Ni'mat Kamerdékaan	105

KHUTBAH KADUA PIKEUN SOLAT JUM'AT	113
BIODATA EDITOR	141

Tos welasan abad katukang, parantos seueur rupi-rupi cara sarta metode dakwah anu dianggé boh ku cara lisan, tulisan pon kitu deui ku media sanésna. Salasawios karancagé pikeun ngabantos kalancaran dakwah utamina khutbah Jum'ah, nyaéta ku cara nyayogikeun rupi-rupi bahan khutbah.

Sanaos tos seueur kaparigelan kanggo nohonan kaperyogian umat kanggo ngabantos bahan khutbah, nanging taya lepatna upami buku bahan khutbah téh teras disusun sareng disarungsum katut diapdét deui sajalan sareng perbawana jaman. Malihan mah bawiraos malamandar tiasa langkung ngeuyeuban bacaan perkawis agama Islam ku basa Sunda anu tambah langka kaanggonna utamina ku kaum Muslim nu di dayeuhna.

Medalna ieu buku *Aweuhan Mimbar: Khutbah Basa Sunda* anu dieditoran ku Jajang A Rohmana ti Bidang Penelitian jeung Pengembangan MUI Kabupaten Subang kalebet hiji usaha karancagéan nu énggal kanggo para khotib supados langkung gampang nyiapkeun bahan khutbahna. Salian ti kanggo ngiring nyubadanan pamundut balaréa kaum Muslim tatar Sunda nu teu kirang ngantosna kana rupa-rupaning buku agama dina basa Sunda, bawiraos mugia tarékah ieu ngiring ngantebkeun tarékah pamaréntah kanggo ngagelaran masyarakat Subang katut Jawa Barat anu Islami, gemah ripah répéh rapih, silih asah silih asih silih asuh.

Jajang A Rohmana (editor), lahir di Subang, 9 Juni 1976. Anjeunna téh doktor dina widang Tafsir Al-Qur'an. Ayeuna janten dosen UIN Sunan Gunung Djati Bandung. Ngiring aub dina sababaraha organisasi kayaning MUI, LPTQ, BWI Kabupaten Subang. Seratan-seratanna dina basa Sunda kantos dimuat di Majalah *Mangle*. Seratan lianna dina bahasa Inggris, Arab sareng Indonesia dimuat di sababaraha Jurnal Ilmiah, di antawisna *Al-Jami'ah*, *Studia Islamika*, *Ulumuna*, *Jumantara*, *Islamica*, *Suhuf*, *At-Turath*, *Qur'an and Hadith Studies*, jrrd. Buku nu diterbitkeun di antawisna *Sejarah Tafsir Al-Qur'an di Tatar Sunda* (Mujahid Press, 2014).



TULUS PUSTAKA

Jln. Raya Cimindi Gg. H. Arsad
(samping GOR Arsad) RT 02 RW 24.
Cimindi – Jawa Barat; Telp. 081320339523
E-mail: didintulus77@yahoo.co.id; FB: didintulus@gmail.com

ISBN 978-979-1361-32-3



9 789791 361323 >